**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**

**Министерство образования и науки Республики Дагестан**

**ГКУ РД "ЦОДОУ ЗОЖ"**

**ГКОУ РД «Бутушская СОШ»**

| СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДЕНО |
| --- | --- |
| Заместитель директора по УВР | Директор ГКОУ РД "Бутушская СОШ" |
| Омарова Г.Д. | Магомедов К.А. |
| 31.08.2023г. | 31.08.2023г. |

# Рабочая программа по родному (аварскому) языку для 3 «Б» класса

# на 2023-2024 учебный год

к. Бутуш

Планирование составлено в соответствии с требованиями

Государственного образовательного стандарта

на основе программы и учебника по аварскому языку для 3 классов

под редакцией Х.С. Вакилова Москва Санкт-Петербург «Просвещение» 2018г.

Количество часов на год: 34 часа

Количество часов в неделю:1 час

## Авар мац1 Программаялъе баян

Программа х1адур гьабуна байбихьул школалда т1уразаризе х1исабалде росарал х1асилалги, Обществоялда инсанасулрух1ияб рахъ, хьвада-ч1вадиялъул къаг1идаби церет1еялъул ва гьесие тарбия кьеялъул концепцияги,

Байбихьул школалъул лъайкьеялъул федералияб пачалихъияб стандартги кьоч1ое росун.

Жакъасеб школалда т1адаб борч ккола г1ун бач1унеб г1елалъе гъваридаб ва щулияб г1елмияб лъай кьей, гьеб жидер практикаялъулъ х1алт1изабизе ругьун гьари, дунялалдехун материалистияб бербалагьи лъугьинаби. Гьеб масъала г1умруялде бахъинабиялъулъ к1удияб бак1 ккола рахьдал мац1алъ.

Байбихьул классазда рахьдал мацI малъула кIиго аслияб мурад яшавалде бахъинабизе:

1. **Нахъг1унт1иялъулаб мурад** (мац1алъул х1акъалъулъ бугеб г1елмуялъул аслиял бут1абазулгун лъай-хъвай гьаби вагьелъул кьуч1алда ц1алдохъабазул логикияб пикру ва г1аламаталгин символикияб бич1ч1и лъугьинаби);

2. **Социокультурияб мурад** (ц1алдохъабазул хурхен гьабиялъулаб бажари лъугьинаби: к1алзул ва хъвавул калам,монологияб ва диалогияб калам, гьединго, грамматикиял гъалат1ал риччачIого, хъваялъул бажари цебет1езаби).

Гьединго байбихьул классазда авар мац1 лъазабиялъ кумек гьабула гьал хадусел суалал т1уразе:
а) т1олго инсаниябгин моралияб бечелъи бот1ролъе боси, творческияб къаг1идаялъ х1алт1иялъул бажари цебет1езаби;б) сверухъ бугеб х1акъикъаталъул, г1адамазул жамг1ияталъул ва т1абиг1аталъул х1акъалъулъ лъималазул бугеб цо ч1ванкъот1араб бич1ч1и бечелъизаби;

в) жалго жидедаго ч1ун, х1алт1иялъул къаг1идаби лъай;

г) ц1алул дарсазде, т1ехьалде (лъаялъул иццалде) гъира бижизаби.

Авар мац1 лъазабулаго, пайда босула аслиял дидактикиял принципаздасан. Гьелъул маг1на ккола щивав ц1алдохъанасулхаслъи х1исабалде боси, тартибалда материал лъазаби ва гьеб гъваридго бич1ч1и.

**Курсалъул г1аммаб характеристика**

Авар мац1алъул кумекалдалъун программаялъ к1вар буссинабун буго «Филология» абураб г1елмияб бут1аялъул гьалхадусел масъалаби т1уразариялде:

1. Дагъистаналъул мац1ал ва маданиятал бат1и-бат1иял рук1иналъул ва гьел цоцада рухьарал рук1иналъулх1акъалъулъ авалияб бич1ч1и лъугьинаби;

2. К1алзул ва хъвавул диалогияб ва монологияб калам цебет1езаби;

3. Цоцада хурхен гьабиялъулаб бажари цебет1езаби;

4. Рух1ияб ва эстетикияб бич1ч1и лъугьин;

5. Творческияб къаг1идаялъ х1алт1иялъул бажари цебет1езаби.

Рахьдал мац1 малъиялъул мурадалде щвезе, программаялъ гьал хадусел практикиял масъалаби т1уразаризерихьизарун руго:

- цебе лъураб мурадалда ва масъалабазда рекъон мац1алъул алатал т1аса рищиялъул бажари, ц1алдохъабазул калам,рек1елъ щибниги жо цебеч1езабизеги гъваридго пикру гьабизеги бугеб гьунар цебет1езаби;

- авар мац1алъул г1уц1иялъул ва системаялъул, ай лексикаялъул, фонетикаялъул, графикалъул, орфографиялъул,орфоэпиялъул, морфемикалъул (раг1ул г1уц1иялъул), морфологиялъул ва синтаксисалъул х1акъалъулъ бищунго г1адатиял баянал ц1алдохъабазе щвей;

- жиндирго пикру бицине, зах1матаб гуреб хъвавул текст г1уц1изе, диалогалъулъ г1ахьаллъизе, бит1ун хъвазе вац1ализе бугеб бажари лъугьинаби;

- жиндирго калам камиллъизабизе х1аракат бахъи, мац1 лъазабизе гъира бижизаби, мац1алъул бац1ц1алъи ц1униялъулъ жалги г1ахьалал рук1ин ц1алдохъабазда бич1ч1и, гьезулъ мац1алдехун бугеб къиматаб бербалагьиц1ик1к1инаби.

Авар мац1алъул курс байбихьула хъвазе-ц1ализе малъиялдаса. Хъвазе-ц1ализе малъула сентябралдаса байбихьун апрелалде щвезег1ан. Лъималазда материал лъаялда бан, муг1алимасул ихтияр буго хъвай-ц1али малъизе бихьизабурабзаман дагь гьабизе, ялъуни ц1ик1к1инабизе. Хъвазе-ц1ализе малъула гьаркьилаб аналитикиябгин синтетикияб методалдалъун. Хъвай-ц1али малъиялъул масъалаби ц1ализе малъиялъул дарсаздаги хъвадаризе ругьун гьариялъул дарсаздаги т1урала, ай хъвай-ц1али малъи ккола цадахъаб тадбир: ц1ализе малъиялда цадахъ хъвадаризеги ругьун гьарула,гьебги щула гьабула, калам цебет1езабиялъул х1алт1аби т1орит1улаго.

Хъвай-ц1али малъи г1уц1ун буго к1иго бут1аялдасан:

1. Х1адурлъиялъул заман.

2. Х1арпал малъулеб (букварияб) заман.

Гьеб к1иябго заманалда муг1алимас унго-унгояб к1вар кьезе ккола лъималаз гьаркьал рит1ун рахъиялде, гьезда хъвазе-ц1ализе малъиялде, гьезул раг1ул нахърател бечед гьабиялде, калам цебет1езабиялде.

Дарсазда лъимал ругъун гъарула предложениял раг1абазде, раг1аби слогазде риххизе; раг1абазулъ гъаркьазул тартиб бижизабизе, гьезда гьоркьоб бухьен ч1езабизе. Лъималаз лъазабула гъаркьал х1арпаздалъун рихьизаризе; раг1аби, слогал г1уц1изе ва ц1ализе; бич1ч1ун, бит1ун цин слогалккун, цинги раг1абиккун предложениял ва цоцазда хурхараб калам ц1ализе.

Ц1ализе ругъун гьариялда цадахъ лъималазда хъвазеги малъула. Гьел ругьун гьарула гъаркьал х1арпаздалъун хъвазе, къот1-къот1араб азбукаялъул кумекалдалъун х1арпаздасан, слогаздасан раг1аби данде гьаризе, хъвавул ва басмаялъулаб тексталдаса х1арпал ва раг1аби бит1ун хъвазе, муг1алимас абурал хъваялъулъги ц1алиялъулъги бат1алъи гьеч1ел раг1аби ва гьединал раг1абаздасан данде гьарурал къокъал предложениял хъвазе, предложениялъул авалалда ва г1адамазул, х1айваназул ц1аразул бет1ералда к1удияб х1арп хъвазе.

Бит1унхъваялъул ва ц1алиялъул иш мурадалде щвеялъе г1оло цIикIкIараб к1вар кьола раг1улъ ва слогалъулъ щибабгъаракь бат1абахъиялде ва бихьизабиялде, гьел гъаркьазул тартиб ва цоцазда гьоркьоб бухьен ч1езабиялде;
ц1алдохъабазул каламалъул лугби камиллъизариялде ва гъаркьал, слогал, раг1аби бит1ун абиялде.

Хъвай-ц1али малъиялъул дарсазда лъималазул цогидазухъ г1енеккизе, муг1алимасул ва цогидал ц1алдохъабазул каламт1убанго бич1ч1изе бугеб бажари камил гьабула. Лъимал ругьунлъула классалда цере к1алъазе, муг1алимас лъурал
суалазе жавабал кьезе, къвариг1араб жо гьикъизе, ц1аларабжоялъул, лъаг1алил ункъабго заманалда жаниб г1адамазгьабулеб х1алт1ул хаслъиялъул ва хисардулеб т1абиг1аталда хадуб жидерго халкквеязул, ралагьарал фильмазул
х1акъалъулъ бицине.

Гьединго хъвай-ц1али малъиялъул дарсал т1орит1улаго, ц1алдохъабазул лъугьуна ц1алиялъул бищун г1адатаб бажари.Т1оцебесеб классалда лъимал ругьунлъула бич1ч1ун, бит1ун, г1едег1ич1ого цIализе, т1ехьгун ва текстгун х1алт1изе.

Хъвазе-ц1ализе малъулелъул, лъималазул психологиял хаслъабиги х1исабалде росун, муг1алимас дарсазда бат1ибат1иялх1алт1аби т1орит1ула, гьединго лъимал т1амула свак чучиялъе физкультминутка, расанди гьабизе ва куч1дул ах1изе.

Хъвазе-ц1ализе малъун хадуб авар мац1алъул курс лъазабизе байбихьула. Авар мац1алъул курс г1у1Iун буго гьал хадуселбут1абаздасан:

- Фонетика ва орфоэпия
- Графика
- Лексика
- Раг1ул г1уц1и (морфемика)
- Грамматика (морфология ва синтиксис)
- Бит1унхъвай (орфография) ва лъалхъул ишараби лъеялъул къаг1идаби (пунктуация)
- Калам цебет1ей.

Программаялда авар мац1алъул курсалъул х1акъалъулъ, лъималазул г1елазул хаслъабиги х1исабалде росун, бищун г1адатал (авалиял) баянал кьун руго. Мац1алъул г1емерисел бут1аби (разделал) ва темаби щибаб классалда такрарлъула.Гьелъ рес кьола, лъималазул лъаялъул даражаги х1исабалде босун, гьел мац1алъул бут1аби ва темаби гъварид ва г1ат1идгьаризе.

Фонетикаялда ва графикаялда хурхараб аслияб лъайги, бажариги, ругьунлъабиги ц1алдохъабазе щола 1 ва 2 классалда.
Гьеб заманалда ц1алдохъабазе щола гьаркьазул ва х1арпазул, рагьаралги рагьукъалги гьаркьазул, геминатазул ва лабиалиял гьаркьазул, алфавиталъул, ударениятлъул ва слогалъул х1акъалъулъ авалиял баянал. Лъималазда бажарула раг1улъ гьаркьал бит1ун абизе, абураб ва хъвараб раг1улъ гьаркьал ва х1арпал данде кквезе, алфавиталда ругел х1арпазул ц1арал бит1ун абизе, раг1улъ гьаркьазул тартиб ч1езабизе, х1арпал гьоркьор риччач1ого ва гьезул бак1 хисич1ого раг1абихъвазе, слогалккун раг1аби рикьизе, рагьарал ва рагьукъал гьаркьал рат1а рахъизе, лабиалиял гьаркьал бит1ун абизе ва раг1улъ гьел х1арпаздалъун бит1ун рихьизаризе, геминатал бит1ун абизе ва раг1улъ гьел х1арпаздалъун бит1ун рихьизаризе. III-IV классаздаги гьеб темаялда т1ад х1алт1и гьабула гьоркьоса къот1ич1ого. Лъималазда малъула гьаркьалх1арпаздалъун рихьизаризе, гьаркьал рит1ун рахъизе, гьел рихьизарулел х1арпал рит1ун хъвазе, раг1и слогазде бикьизе, раг1улъ ударение бугебги гьеч1ебги слог бат1а бахъизе.

Лексикаялда хурхарал х1алт1аби гьарула ункъабго лъаг1алида жаниб. Гьединал х1алт1аби т1орит1ула грамматика, раг1улг1уц1и ва бит1унхъвай малъиялда цадахъ. Грамматикаялъул, ц1алул, бит1унхъваялъул ва калам цебет1езабиялъул

дарсазда лъималазда лъала предметал, г1аламатал, ишал рихьизарулел раг1абазул ц1арал рит1ун х1алт1изаризе, жидергопикру загьир гьабизе, къвариг1араб раг1и балагьизе. Гьединго гьез лъай-хъвай гьабула синонимазулгун, антонимазулгун,бит1араб ва хъвалсараб, цо ва г1емер маг1наялъул раг1абазулгун.

Раг1ул г1уц1иялъулгун ц1алдохъабаз лъай-хъвай гьабула 3 абилеб классалда. Гьезда лъала раг1улъ маг1наял бут1аби рихьизаризе, суффиксазул кумекалдалъун ц1иял раг1аби лъугьинаризе, кьибил цоял раг1аби цого цо раг1ул формабаздасарат1а гьаризе; раг1ул форма яги ц1ияб раг1и лъугьинабулаго, аслуялъулъ рагьарал ва рагьукъал гьаркьал бит1ун хисизе.

Байбихьул классазда малъула каламалъул бут1абиги. Т1оцебесеб классалда, терминалги абич1ого, определение кьеч1ого,суалазул кумекалдалъун, лъимал ругьун гьарула предмет, предметалъул г1аламатал, предметалъул иш бихьизабулел
раг1аби каламалъулъ х1алт1изаризе, суалазда рекъон предложениязда жанир гьел рат1а рахъизе. К1иабилеб классалда предмет, предметалъул г1аламатал, предметалъул иш бихьизабулел раг1абазул кьуч1алда лъималаз лъай-хъвай гьабулапредметияб ц1аралъулгун, прилагательноялъулгун ва глаголалъулгун. Лъабабилеб ва укъабилеб классазда гьелго
каламалъул бут1аби дагьалги гьваридго малъула. Глагол заманабазде хисизабизе, предметияб ц1ар падежазде сверизабизе,гьединго прилагательноял жинсазде ва г1емерлъул формаялде хисизаризе жеги г1ат1идго ругьунлъула. Предметияб
ц1аралъул, жинсиял глаголазул, прилагательноязул жинс, цолъул ва г1емерлъул форма, глаголалъул заман ва мурадиябформа малъула 3 абилеб классалда. Предметияб ц1аралъул г1адатал падежал лъазарула 3 абилеб классалда, бак1алъул падежал – 4 абилеб классалда (терминалги абич1ого, практикияб къаг1идаялъ). Гьелда т1адеги, 3 – 4 классазда
ц1алдохъабаз лъай-хъвай гьабула ц1арубак1алъулгун ва рик1к1еналъулгун. Наречиялъулгун лъималаз лъай-хъвай гьабула практикияб къаг1идаялъ. Наречиялъул х1акъалъулъ гьезда лъала жиб иш лъугьараб куц, бак1, заман, къадар, г1илла-мурадбаян гьабулеб каламалъул бут1а кколеблъи ва кин? киб? кибе? киса(н)? кида? щай? Киг1ан? абурал суалазе жаваблъун
бач1унеблъи.

Байбихьул классазда предложениялъул х1акъалъулъ ц1алдохъабазе щола гьадинал баянал:

1. Предложение ва, абулеб жоялъул мурадалдеги интонациялдеги балагьун, гьелъул тайпаби;

2. Предложениялъул бет1ерал ва бет1ерал гурел членал;

3. Предложениялда жаниб раг1абазул бухьен;

4. Т1ибитIараб ва т1ибит1ич1еб предложение;

5. Г1адатаб ва жубараб предложение;

6. Предложениялъул тайпа цоял членал;

7. Раг1абазул дандрай.

Гьезул х1акъалъулъ баян ц1алдохъабазе щибаб классалда дагь-дагьккун щола.

Т1оцебесеб классалда лъимал ругьун гьарула калам предложениязде биххизе, раг1баздаса предложениял рат1а гьаризе,гьел, интонацияги ц1унун, ц1ализе, предложениялъул авалалда к1удияб х1арп хъвазе, ахиралда т1анк1 лъезе.

К1иабилеб классалда ц1алдохъабазда малъула предложениялъул бет1ерал членал, кколеб интонацияги ц1унун,предложение ц1ализе, предложениялъул ахиралда т1анк1, суалияб ва ах1ул ишараби лъезе.

Лъабабилеб классалда ц1алдохъабазе щола раг1абазул дандраялъул, хабарияб, суалияб, т1алабияб ва ах1ул предложениязул, предложениялъул бет1ерал ва бет1ерал гурел членазул, г1адатал т1ирит1арал ва т1ирит1ич1ел
предложениязул, г1адатал ва журарал предложениязул х1акъалъулъ баянал. Ункъабилеб классалда лъимал ругьун гьарулатайпа цоял членалгун предложениял г1уц1изе ва гьел рит1ун ц1ализе, гьезулъ лъалхъул ишараби лъезе.

Синтаксисиял темаби ва каламалъул бут1аби лъазарулаго, гьоркьоса къот1ич1ого, т1орит1ула предложениялъулъраг1абазул бухьен ч1езабиялда, раг1абазул дандраял рат1а гьариялда ва гьел г1уц1иялда хурхарал х1алт1аби.

Классалдаса классалде гъварилъула г1адатаб предложениялъул синтаксисияб разбор гьабиялъул къаг1идабиги.

**Текст. Бухьараб калам цебет1езаби** абураб бут1аялъулъ аслияб бак1 ккола тексталда т1ад гьабулеб х1алт1иялъги гьебтекст бич1ч1изе ва г1уц1изе, гьединго тексталда т1аса жиндирго пикру бицине ругьун гьариялъул х1алт1абазги.
Предложениялдаго гIадин, щибаб классалда тексталда тIад хIалтIула т1убараб ц1алул соналда. Х1акъикъаталда к1алзул вахъвавул формаялда тексталда т1ад х1алт1и щибаб дарсида гьабула. Гьедин лъималазухъа бажарула авар мац1алда т1аса щвараб лъаялдаса жидер калам цебет1езабиялъулъ пайда босизе.

**«Текст. Бухьараб калам цебет1езаби»** абураб разделалъулъ тексталда т1ад гьабулеб х1алт1и гьал хадусел бут1абаздасанг1уц1ун буго:

- тексталъул х1акъалъулъ бич1ч1и (текст ккола маг1наялъул ва грамматикияб рахъалъ к1иго я ц1ик1к1ун цоцаздарухьарал предложениял); текст ва г1аммаб темаялъ цолъизаричIел, бат1аго ругел предложениял цоцаздаса рат1агьариялъул бажари лъугьинаби;

- тексталъул тема (тексталъулъ цо сундулниги х1акъалъулъ бицунеб жоялда тема абула); тексталъул тема ч1езабизебажари, ай тексталъулъ сундул х1акъалъулъ бицунеб бугебали бихьизаби;

- тексталъул аслияб пикру; муг1алимасул кумекалдалъун тексталъул аслияб пикру загьир гьабизе бажари;

- тексталда ц1ар лъей; тексталда ц1ар лъезе бажари (тексталъул аслияб пикруялде ва гьелъул темаялде мугъги ч1ван);

- тексталъул г1уц1и; хабарияб текст бут1абазде биххизе бажари (байбихьи, аслияб бут1а ва ахир);

- тексталъул бут1абазда гьоркьоб бугеб бухьен; тексталъулъ жидер кумекалдалъун аслияб бут1а ва байбихьи яги аслияб бут1а ва ахир цоцазда рухьарал раг1аби ратизе бажари; г1уц1улеб тексталъул бут1абазда гьоркьоб бухьенч1езабизе бажари;

- тексталъул щибаб бут1аялда жанир ругел предложениязда гьоркьоб бухьен; жидер кумекалдалъун предложениялцоцазда рухьарал раг1аби ратизе бажари, масала: ц1арубак1ал, союзал;

- тексталъулъ сипат-сурат гьабиялъул ресал; тексталъулъ метафорал, эпитетал, дандекквеял, олицетворениялрихьизаризе бажари; гьел киналго жидер каламалъулъ х1алт1изаризе бажари;

- текстазул тайпаби: хабарияб текст, сипатияб текст ва пикрияб текст (лъай-хъвай гьаби);

- изложениялъул х1акъалъулъ бич1ч1и; х1адурараб, яги киназго цадахъ г1уц1араб, ялъуни живго жиндаго ч1ун г1уц1араб планалда рекъон чидар текст (лъилниги сундулниги х1акъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабун ялъунижиндирго пикру загьир гьабун) ц1и гьабун хъвазе бажари;

- сочинениялъул х1акъалъулъ бич1ч1и (бицун ва хъван); сюжетиял суратазда яги цо сураталда т1асан, гьединго цокинаб бугониги темаялда т1асан текст г1уц1изе бажари; цебеккунго киналго г1ахьаллъун дандбараб текст хъвазебажари;

Тексталда т1ад х1алт1улаго, х1исабалде росула гьелъул х1асил, г1уц1и ва сипат-сурат гьабиялъул ресал.

Каламалъул культура борхизабиялъе г1оло программаялъ т1алаб гьабулеб буго рич1ч1изе бигьаял гьал хадуселлитературиял нормабазулгун лъай-хъвай гьабизе:

- раг1аби бит1ун аби (орфоэпиял нормаби);

- предложениял бит1ун г1уц1и ва раг1абазул дандраязулъ раг1абазул формаби бит1ун х1алт1изари (грамматикиялнормаби);

- маг1наялъул рахъги х1исабалде босун, раг1аби бит1ун х1алт1изари (раг1аби х1алт1изариялъул къаг1идаби);

Ц1алдохъанасул калам цебет1езабиялъулъ х1акъикъиял х1асилал кьезе ккани, гьезда литературияб мац1алъул нормабиги сипат-сурат гьабиялъул ресалги лъай г1оларо, къвариг1уна авар мац1алъул ва ц1алиялъул дарсазда, гьоркьоса къот1ич1ого, текстазул анализ гьабизе.

Литературияб мац1алъул нормабазда т1ад х1алт1и практикияб къаг1идаялъ гьабула. Гьеб х1алт1и т1обит1ула рахьдалмац1алъул темаби лъазарулагоги, класс тун къват1исел дарсаздаги, изложениял ва сочинениял хъвалагоги, ц1алиялъулдарсаздаги т1убараб ц1алул лъаг1елалъ. Ц1алдохъаби ругьун гьаризе ккола каламалъулъ ккарал гъалат1ал цоцаз рит1изаризе ва бат1и-бат1иял тайпабазул словараздаса пайда босизе. Ц1алдохъабазул калам цебет1езабиялъе чара гьеч1ого х1ажалъула тайпа цоял членалгун г1адатал предложениялги к1иго г1адатаб предложениялдасан г1уц1араб
журарал предложениялги цоцазда дандекквезе, бит1араб каламгун предложениялда хадуб халкквезе, нахърилълъиналъулсоюзраг1абигун ва союзраг1аби гьеч1ого журарал нахърилълъарал предложениязулгун лъайхъвай гьабизе.

Бит1араб каламгун предложениялги нахърилълъиналъул союзраг1абигун ва союзраг1аби гьеч1ого журарал нахърилълъарал предложениялги байбихьул классазда лъазаруларо. Амма лъималаз, изложениял ва сочинениял хъвазе х1адурлъулаго, гьединго творческиял х1алт1абазулъ риччарал гъалат1азул анализ гьабулаго, гьезул хаслъабазулгун лъай- хъвай гьабула. Гьелда т1адеги, нилъеда лъала байбихьул классазул ц1алдохъабаз жидер к1алзул ва хъвавул каламалъулъ гьединал предложениял г1ат1идго х1алт1изарулеллъи. Гьединлъидал муг1алимас хIаракат бахъизе ккола гьезул г1уц1иги,гьел каламалъулъ х1алт1изариялъул хаслъиги лъималазда бич1ч1изабизе.

Муг1алимас, гьоркьоса къот1ич1ого, к1вар кьезе ккола ц1алдохъанасул, гъалат1ал риччачIого, бит1ун хъвазе бугеб бажари цебет1езабиялде. Гьелъие программаялда кьун руго х1арпаздалъун гьаркьал рихьизариялъул, цо мухъида инч1елраг1аби цоги мухъиде, слогазде рикьун, росиялъулги, раг1аби рат1а т1ун хъваялъулги, к1удияб х1арп хъваялъулги къаг1идаби.

Берцинго хъваялъе, хат1 куцаялъе программаялда хасаб заман бихьизабун гьеч1о. Гьединлъидал щибаб грамматикаялъулдарсида 8–10 минуталъ муг1алимас т1адч1ей гьабула ц1алдохъабаз хъвалебщинаб жо берцингоги бац1ц1адгоги

бук1инабиялде. Гьаниб кьола хат1алъул хашлъи т1аг1инабиялде руссарал ругьунлъиялъул т1адкъаял, рихьизаруламисалиял х1арпал ва раг1аби.

Дидактикаялъул к1вар бугел суалазул цояб ккола контролиял (хъвавул) х1алт1абазул х1асилазул кьуч1алда ц1алдохъабазул лъайгун бажари борцин ва къимат лъей. Байбихьул классазда авар мац1алъул хъвавул х1алт1абазул аслиял тайпабилъун ккола: т1аде балагьун текст хъвай, эркенаб диктант, г1инзул ва берзул диктант, творческияб диктант,х1адурлъиялъул ва т1асабищул диктант, ругьунлъиялъул изложениял ва сочинениял.

Словариял диктантазе кьезе кколеб раг1абазул къадар 3 классалда бук1ине бегьула: 10–12 раг1и.

Хал гьабиялъул диктантал гьаризе рихьизарурал текстазулъ ругел раг1абазул къадар г1ага-шагарго гьадинаб бук1инебегьула: 40–50 раг1и.

Ругьунлъиялъул изложениязе ч1езабун буго гьаб къадар: 50–60 раг1и.

Щибаб дарсида ц1алдохъаби ругьунлъула ц1алул т1ехьгун х1алт1изе, бит1ун хъваялъеги ц1алиялъеги жиндие къвариг1унел къаг1идаби, гьезда хурхарал х1алт1аби ва лъазарулел темаби хехго ратизе, х1алт1абазе кьурал киналгот1адкъаял тартибалда т1уразе, гьезул мурад бич1ч1изе.

Квалквал гьеч1ого, хадубккунги церехун ине лъималазе г1ураб лъай щвеялъул мурадалда пайда босизе ккола бат1ибат1иял дидактикиял х1аяздаса, хасго рек1елгъеялъул материалаздаса (кроссвордаздаса, шарадаздаса, ребусаздаса, болъабаздаса, грамматикияб ва бит1унхъваялъул лотоялдаса ва гь.ц.)

Байбихьул классазул лъималазда к1оларо цо жоялда т1аде халат бахъун жидерго к1вар буссинабизе, гьел хехго свакала. Гьединлъидал дарсида ц1алдохъабигун х1алт1иялъул къаг1идаби бат1и-бат1иял рук1ине ккола

(муг1алимазухъ г1енекки, гара-ч1вари, тIахьалгун ва тетрадалгун х1алт1и, хъвавул ва к1алзул х1алт1аби иргаялдатIоритIи, мех-мехалда минутаялъул махсараби, расандаби ва физкультура гьаби).

Программаялда кьурал темабазе саг1тал рикьун руго мисалияб къаг1идаялъ. Жиндирго х1албихьиялде, ц1алдохъабазуллъаялде ва щибаб классалда гьабулеб х1алт1ул шарт1азде балагьун, муг1алимасул ихтияр буго мустах1икъаблъун бихьулеб бак1алда саг1тазул хиса-баси гьабизе.

**Курс лъуг1ун хадуб кьолел х1асилал**

Байбихьул школа лъуг1арал ц1алдохъаби гьал хадусел х1асилазде щола:

**Напсиял хIасилал**

1. Жиндирго Ват1аналдаса, Россиялъул ва Дагъистаналъул миллатаздаса гьезул тарихалдаса ч1ух1иялъул асар бижизаби,жив цо кинаб бугони къавмалъул ва миллаталъул чи вук1ин бич1ч1и.

Цоцазда рухьарал, амма цоцазда релълъинч1ел т1абиг1аталдехун, миллатаздехун, маданиятаздехун ва диназдехун цолъи цIунараб, ай к1ибикьич1еб, обществоялда г1адамазул г1умруялда, гьезул гьоркьоблъиялда бухьараб бербалагьи бижизаби.

3. Цогидал миллатазул маданияталдехун ва гьезул тарихалдехун, гьединго бат1ияб пикруялдехун ц1уна-къараб балагьибижизаби.

4. Цебет1ун хисулеб дунялалде черх ругьунлъизаби.

5. Щ1алиялдехун гъира бижизаби.

6. Обществоялда чиясул хьвада-ч1вадиялъул къаг1идабазул ва г1адамазул г1умруялда, гьезул гьоркьоблъиялда бухьараб (ай социалияб) рит1ухълъиялъулги эркенлъиялъулги кьуч1алда жинца гьарурал ишазул жавабчилъигижибго жиндаго ч1араб, цогиялда бухьинч1еб хасиятги цебет1езаби.

7. Эстетикиял бич1ч1иял, х1ажалъаби ва бечелъаби лъугьинари.

8. Цогидал г1адамазе кумекалъе х1адурав, нийт лъик1ав, х1алхъублъи гьеч1ев, г1адамазе лъик1лъи гьабулев инсанвахъинави.

9. Г1ел бащададазда ва ц1ик1к1аразда цадахъ х1алт1изеги щулияб гьоркьоблъи гьабизеги бугеб бажари цебет1езаби,т1адк1алъай бугеб, даг1бадулаб ах1вал-х1алалдаса ворч1изе нух батиялъул бажари цебет1езаби.

10. Х1инкъи гьеч1еб, паракъатаб, чорхое (сахлъиялъе) пайдаяб г1умру гьабизе мурад лъей; творческияб х1алт1удегъира ккезаби, ай творческияб къаг1идаялъ х1алт1изе бугеб бажари цебет1езаби; материалиял ва рух1иял бечелъабазул т1алаб-агъаз гьабизе бажари.

**Метапредметиял х1асилал**

1. Ц1алиялъул мурадал ва масъалаби цере лъезе ва гьел т1уразариялъул къаг1идаби ралагьизе бажари.

2. Цебе лъураб масъалаялде ва гьеб масъала т1убазабиялъул шарт1азде балагьун, жиндирго ц1алиялда рухьарал ишазекъимат кьезеги, гьезда хадуб хал кквезеги, гьезул план гьабизеги бугеб бажари лъугьинаби.

3. Информация кьезе ишараялъулгин символикиял алатаздаса пайда боси.

4. Хурхен гьабиялъул, ай бухьеналъулал ва нахъг1унт1иялъулал масъалаби т1уразе, каламалъул алатал жигаралдах1алт1изари.

5. Информация балагьиялъул (баян кьолел т1ахьаздаса), гьеб бак1ариялъул, гьелда т1ад х1алт1иялъул, гьелъул анализгьабиялъул, гьеб г1уц1иялъул ва кьеялъул, гьелъул маг1на бич1ч1изабиялъул бат1и-бат1иял къаг1идаби х1алт1изари.

6. Цере лъурал мурадазда ва масъалабазда рекъон, бат1и-бат1иял стилалъул ва жанразул текстал бич1ч1ун цIализебажари.

7. Цо ч1ванкъот1арал предметметал дандекквезеги, гьезул анализ ва синтез гьабизеги, гьел г1аммлъизаризеги, киналругониги г1аламатаздалъун т1елазде рикьизеги, цоцада релълъинаризеги, г1иллаялъулабгин ц1ех- рехалъулаб бухьен ч1езабизеги, гьезда т1аса пикру загьир гьабизеги бажари, ай логикиял х1алт1аби гьаризе лъай.

8. Накъиталъе г1ахьаллъи гьабулев чиясухъ г1енеккизеги, диалогалъулъ г1ахьаллъизеги, бат1и-бат1иял пикраби рук1иналъе ва щибасул жиндирго хасаб пикру загьир гьабизе ихтияр бук1иналъе мук1урлъизеги, жиндирго пикрузагьир гьабизеги, гьелъие далил бачинеги разилъи.

9. Г1аммаб мурад цебе лъезеги гьеб т1убазабиялъул нухал ралагьизеги бажари; цадахъ гьабулеб х1алт1и щибасдагьоркьоб бикьизе, кьот1и-къай гьабизеги, цадахъаб х1алт1улъ цоцазда хадуб хал кквезеги, данд рекъон кколеб х1алалъ жиндир ва сверухъ ругезул хьвада-ч1вадиялъе къимат кьезеги бажари.

10. Лъилниги рахъ кквеч1ого, щивас загьир гьабураб пикруги х1исабалде босун, даг1ба-раг1и къот1изе бажари.

11. Предметиял ва предметазда гьоркьосел аслиял бич1ч1иял лъай.

12. Ц1алулъ жинца кьолел лъик1ал яги квешал х1асилазул г1илла бич1ч1изеги, нагагьлъун ц1алулъ нахъе ккани,гьениса ворч1изеги бажари.

**Предметиял х1асилал**

1. Россиялда ва Дагъистаналда бат1и-бат1иял мац1ал ва маданиятал рук1инги, гьел цоцада рухьарал рук1инги, мац1 щибабмиллаталъул аслу кколеблъиги бич1ч1и.

Мац1 миллияб маданияталъул аслуги г1адамал цоцада рич1ч1иялъул ва гьезда гьоркьоб бухьен ч1езабиялъул алатги кколеблъи ц1алдохъабазда бич1ч1и; авар мац1 Дагъистаналъул пачалихъияб мац1 кколеблъиги, гьелъ маг1арулазулмиллатал цоцада рухьинарулеблъиги лъай.

3. Авар мац1алъул (бит1унабиялъул, лексикаялъул, грамматикаялъул, бит1унхъваялъул, лъалхъул ишараби лъеялъул)нормабазул ва каламалъул этикаялъул къаг1идабазул х1акъалъулъ авалиял баянал лъай.

4. Инсанасул гражданлъи ва г1аммаб культура бихьизабулеб г1аламат х1исабалда бит1араб к1алзул ва хъвавулкаламалдехун лъик1аб бербалагьи бук1инаби.

5. Зах1матал гурел текстал г1уц1улаго, бухьеналъулал масъалаби т1уразаризе, дандекколел мац1алъул алатал т1асарищизеги, цогидазда к1алъалаго, цере лъурал мурадазул, масъалабазул ва мац1алъул алатазул х1исаб гьабизеги бажари.

6. Гъалат1ал гьеч1еб хъвай-хъваг1аялъ жиндирго культураялъул даража загьир гьабулеблъи бич1ч1и; текстал хъвалаго,лъалхъул ишараби лъеялъул ва бит1унхъваялъул къаг1идабаздаса (правилабаздаса) пайда боси. Хъвараб жоялъул хал гьабизе бажари.

7. Фонетикаялъул ва графикаялъул, лексикаялъул, раг1и лъугьиналъул (морфемикалъул), морфологиялъул ва синтаксисалъул; мац1алъул аслиял бут1абазул, гьезул г1аламатазул ва гьел каламалъулъ х1алт1изариялъул хаслъабазулх1акъалъулъ авалиял баянал лъай.

8. Мац1алъул грамматикиял категориял, гьелъул аслиял бут1аби рат1а рахъизе лъаялъул ва гьезул анализ гьабиялъулбажариял лъугьинари.

**Курсалъул материалКаламалъул тайпаби Г1енеккун (г1инт1амун) раг1араб жо бич1ч1и.**
Г1адатаб гара-ч1вариялъулъ цогидаз бицунеб жоялъул маг1на ва мурад бич1ч1и. Г1енеккун раг1араб калам данд рекъон кколеб х1алалъ бич1ч1и. Пасих1го ц1аларал яги художествияб къаг1идаялъ рицарал маргьабазул, харбазул ва куч1дузулмаг1на бич1ч1и ва лъурал суалазда рекъон гьезул х1асил бицин. Бицараб маргьаялъул ва хабаралъул х1асилалда т1асан кьурал суалазе жаваб гьаби. Аск1ов г1одов ч1ун, хабар-к1алалда вугев чиясул каламалъухъ г1енеккизе бугеб бажари цебет1езаби (ай гьеб каламалъул анализ гьабизеги, данде къот1арун, диалог гьоркьоб къот1изе тунгут1изеги, суалалкьезеги бажари).

**Гаргади.**

Хурхен гьабиялъул масъала х1асил кьолеб куцалда т1убазабиялъе г1оло цере лъурал шарт1азда ва мурадазда рекъонгаргадиялъул къаг1идаби т1аса рищи. Диалогалъулъ г1ахьаллъизе лъай.

К1алъа-ралъай байбихьизе, гьоркьоб къот1изе тунгут1изе, лъуг1изабизе ва жиндирго г1акълуялдалъун жиндехунго рак1 ц1азабизе бажари. Лъилниги, сундулниги х1акъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабун, ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун,хабар бицине бажари. Каламалъул этикаялъул нормаби (ай салам кьезеги, къо-мех лъик1 гьабизеги, т1аса лъугьинеги, баркала кьезеги, лъидехунниги гьаригун хит1аб гьабизеги) лъай. Бит1ун абиялъул нормаби ва интонация ц1уни.

**Ц1али.**

Ц1алул текст бич1чи. Къваригараб материал батиялъул мурадалда т1аса бищун ц1али. Тексталъулъ рихьдаего кьураб информация бати. Тексталъулъ бугеб информациялъул кьуч1алда цо кинаб бугониги х1асилалде рач1ине. Тексталъулъбугеб информациялъе баян кьей ва гьеб г1аммлъизаби. Тексталъул х1асилалъул, гьелъул г1уц1иялъул ва мац1алъул хаслъиялъул анализ гьаби ва гьезие къимат кьей.

**Хъвадари.**

Гигиеналъул т1алабазда рекъон бич1ч1улеб (бигьаго ц1ализе к1олеб), берцинаб хат1алъ хъвадаризе лъай. Лъазарурал къаг1идабазда рекъон абун ва т1аде балагьун хъвай. Ц1алараб ва г1енеккун раг1араб тексталъул х1асил мух1канго яги тIасабищун хъвай. Жиндир г1умруялъулъ ккараб лъугьабахъиналъул, сверухъ бугеб т1абиг1аталъухъ халкквеялъул, пайдаял ишазул, литературиял асаразул ва гь.ц. х1акъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабун, ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, гьит1иналго харбал херхине.

**Хъвай-ц1али малъи**

Т1адехун абухъе, хъвай-ц1али малъи г1уц1ун буго к1иго бут1аялдасан:

1. Х1адурлъиялъул заман.

Х1арпал малъулеб (букварияб) заман.

Хъвазе-ц1ализе малъула гьаркьилаб аналитикиябгун синтетикияб методалдалъун.

Хъвай-ц1али малъи ккола цадахъаб тадбир: ц1ализе малъиялда цадахъ хъвадаризеги ругьун гьарула, гьебги щулалъизегьабула калам цебет1езабиялъул х1алт1аби т1орит1улаго, ай гьаркьаздасан раг1и, раг1абаздасан предложение, предложениял дандран хабар г1уц1изе ругьун гьарулаго.

**Фонетика.**

Каламалъул гьаркьал ва гьезул характеристика. Раг1ул маг1наги гьелъул гьаркьилаб г1уц1иги цоцада рухьаралрук1ин бич1ч1и.

Раг1улъ жалго жидедаго ч1арал гьаркьал рихьизари. Раг1улъ гьаркьазул къадар ва тартиб ч1езаби, сипатсуратаблъулалгинсимволиял схемабазулъ гьел хъвай.

Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал рат1а гьари. Гьел схемабазулъ рихьизари.

Абиялъул бищунго гьит1инаб бут1а х1исабалда слог. Раг1аби слогазде риххи, рагьарал, къарал ва рахарал слогал. Ударение. Раг1улъ ударение т1аде кколеб бак1 бихьизаби, ударение бугелги ударение гьеч1елги слогал рат1а рахъи,

Раг1абазул слогалъулабгин гьаркьилаб анализ гьабизе (раг1улъ гьаркьазул къадар ч1езабизе, раг1ул бет1ералда, бакьулъ,ахиралда бук1аниги, гьеб гьаракь бугеб бак1 лъазе, ударение бугеб слог бихьизабизе) лъай.

**Графика.**

Гьаркьал ва х1арпал рат1а рахъи: х1арп гьаркьил ишара ккола. Гьаркьал х1арпаздалъун рихьизаризе бажари. Е, Ё, Ю,Я рагьарал хIарпал. Ъ гьаракь ва х1арп. Ь хIарп. Гьез т1убалеб хъулухъ.

Авар алфавиталъулгун (х1арпазул тартибалъулгун) лъай-хъвай гьаби.

**Ц1али.**

Слогалккун ц1алиялъул бажари лъугьинаби. Лъимералъул хасаб темпалда дандекколеб хехлъиялда слогалккун вараг1абиккун цок1алаяб ц1али. Раг1аби, раг1абазул дандраял, предложениял ва къокъал текстал бич1ч1ун ц1али. Лъалхъул ишарабазда рекъон лъалхъи гьабун ва интонация ц1унун, ц1али.
Зах1матал гурел гьит1инал текстал ва куч1дул бич1ч1ун ва пасих1го ц1алиялъул бажари цебет1езаби. Живго жиндагоч1ун яги муг1алимасул кумекалдалъун ц1алараб текст, такрар гьабун (ай ц1идасан), бицин.

Раг1аби, къокъал предложениял, зах1матал гурел г1ит1инал текстал г1едег1ич1ого бит1ун ц1ализе ругьун гьари.
Муг1алимас абун яги т1аде балагьун, хъвараб жо хал гьаби мурадалда хал кквезе, бит1унхъваялъул къаг1идабиги ц1унун,ц1ализе ругьун гьари.

**Хъвадари.**

Хъвадарулаго бит1ун г1одор ч1езе, тетрадь партаялда лъезе, ручка, къалам бит1ун кквезе лъимал ругьун гьари. К1удиял вагьит1инал х1арпал бит1ун хъвазе ва гьел раг1абазулъ цолъизаризе бажари.

Гигиеналъул нормабиги ц1унун, х1арпал, слогал, раг1аби, предложениял хъвазе ругьун гьари. Бац1ц1адаб ва бич1ч1улеб(ай бигьаго ц1ализе к1олеб) хат1алъ хъвадаризе лъай.

Цин муг1алимас тетрадазда кьурал, цинги азбукаялда ругел раг1аби ва предложениял, т1аде балагьун, хъвазе лъай. Муг1алимас абурал раг1ухъе хъвалел раг1аби ва гьединал раг1абаздаса данде гьарурал предложениял хъвазе бажари. Текст, т1аде балагьун бит1ун хъваялъул тартиб ва къаг1идаби лъай.

Х1арпаздалъун рихьизаруларел графикиял г1аламатаз (ай раг1абазда гьоркьоб хут1араб ч1обогояб бак1алъ, раг1аби цомухъидаса цоги мухъиде рикьун росиялъул ишараялъ) т1убалеб хъулухъ бич1ч1и.

**Раг1и ва предложение.**

Раг1и анализ гьабиялъул материал ва ц1ех-рех гьабиялъул предмет (ай объект) кколеблъи бич1ч1и. Раг1ул лексикияб маг1наялда хадуб халкквей. Раг1и гьаркьаздасан г1уц1ун бук1унеблъи лъай. Цоцазулгун гьоркьоблъи гьабиялъулъ раг1улбугеб к1вар лъай. Предметал, предметазул г1аламатал ва предметазул ишал рихьизарулел раг1аби каламалъулъ бит1ун х1алт1изаризе бажари.

Раг1аби ва предложениял рат1арахъизе бажари. Предложениялъулъ раг1аби рат1а гьаризе, гьезул тартиб хисизе бажари.Предложениялъулъ интонация ц1унизе лъай.

**Бит1унхъвай.**

Т1оцебесеб классалда гьал хадусел бит1унхъваялъул къаг1идабазулгун лъай-хъвай гьабула:

- раг1аби рат1ат1ун хъвай;

- геминатал ва лабиалиял гьаркьал х1арпаздалъун рихьизари;

- хасал ц1аразул бет1ералда ва предложениялъул авалалда к1удияб х1арп хъай;

- раг1аби слогалккун цо мухъидаса цоги мухъиде роси;

- предложениялъул ахиралда лъалхъул ишараби.

**Калам цебет1езаби.**

Тексталъул х1акъалъулъ авалияб бич1ч1и. Тексталъулъ предложениял рат1а гьари. Тексталъулъ предложениял цолъизари.
Г1енеккун раг1араб ва жинцаго ц1алараб текст бич1ч1и. Берзулгин сипатиял мисалазул (моделазул) кумекалдалъункаламалъул х1акъалъулъ авалияб бич1ч1и лъугьин. Схемазул кумекалдалъун калам маг1на бугел бут1абазде бихxи.Предложенияздасан бухьараб текст г1уц1и.

Жиндир г1умруялъулъ ккарал лъугьа-бахъиназул, х1аязул х1акъалъулъ, сюжетияб суратaлдасан гьит1инабго хабар херхине бажари. Бицанк1абазе жавабал кьезе, куч1дул рек1ехъе лъазаризе; кицаби, абиял каламалъулъ х1алт1изаризе, рек1ехъе лъазарурал куч1дул пасих1го рик1к1ине бажари.

**Авар мацIалъул курс**

**класс (34 саг1ат, анкьида жаниб 1 саг1ат)**

**К1иабилеб классалда малъараб материал такрар гьаби.**

Мац1алъул ва каламалъул бут1а х1исабалда текст, предложение ва раг1и.

Предмет, предметалъул г1аламатал ва предметалъул ишал рихьизарулел раг1аби.

Гьаркьал ва х1арпал. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал. Е, Ё, Ю, Я рагьарал х1арпал. Геминатал ва лабиалиял гьаркьал.

**Предложение. Раг1абазул дандрай.**
Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде балагьун, предложениялъул тайпаби: хабарияб, суалияб ва т1алабияб.Интонациялде балагьун, ах1ул предложение.

Предложениялъул бет1ерал членал: подлежащее, сказуемое ва бит1араб дополнение.Предложениялъул бет1ерал гурел членал.
Предложениялъулъ раг1абазда гьоркьоб бугеб бухьен. Г1адатал т1ирит1арал ва т1ирит1ич1ел предложениял.Предложениялъул ахиралда т1анк1, суалияб ва ах1ул ишара. ГIадатал ва журарал предложениял.

Раг1абазул дандрай. Раг1абазул дандраязулъ аслиябги нахъбилълъарабги раг1и. РагIабазул дандраязулъ раг1абаздагьоркьоб бугеб бухьен.

**Текст**

Текст, тексталъул г1аламатал: тема, аслияб пикру загьир гьаби, ц1ар лъей.

**Раг1ул г1уц1и**

Маг1на г1агарал раг1аби. Раг1ул маг1наял бут1абазул (кьибилалъул, ахиралъул, аслуялъул ва суффиксалъул) х1акъалъулъг1аммаб бич1ч1и. Ахиразул кумекалдалъун раг1ул форма хисиялда ва суффиксазул кумекалдалъун ц1иял раг1аби лъугьиналда хадуб хал кквей. Кьибил цоял раг1аби ва цого цо раг1ул формаби (дандекквей).

Раг1ул аслуялъулъ кколел рагьарал ва рагьукъал гьаркьазул хиса-басиял (лъай-хъвай гьаби).

**Лексика**

Раг1ул лексикияб маг1на (г1аммаб бич1ч1и). ГIемер маг1наялъулал раг1аби. Бит1араб ва хъвалсараб маг1наялда раг1абихIалт1изари. Синонимал. Антонимал.

**Каламалъул бут1аби**

Предметияб ц1аралъулгун, прилагательноялъулгун, глаголалъулгун, рик1к1еналъулгун, ц1арубак1алъулгун,наречиялъулгун г1аммаб лъай-хъвай гьаби.

**Предметияб ц1ар.** Предметияб ц1аралъул маг1на, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ т1убалеб хъулухъ. Хасал ва г1аммал предметиял ц1арал. Хасал предметиял ц1аразул бет1ералда к1удияб х1арп. Предметияб ц1аралъул жинс: чиясул, ч1ужуялъул ва гьоркьохъеб.

Предметияб ц1аралъул цолъул ва г1емерлъул форма. Г1иц1го цолъул формаялда х1алт1изарулел яги г1иц1го г1емерлъулформаялда х1алт1изарулел предметиял ц1арал.

Предметиял ц1арал падежазде свери (асл.п., акт.п., хас.п., кьов.п. ва жинда п.).

**Прилагательное.** Прилагательноялъул маг1на, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ т1убалеб хъулухъ. Прилагательноялгун предметиял ц1арал рухьун рукIин. Цого яги г1ага-шагараб маг1наялъулги г1аксаб маг1наялъулгиприлагательноял. Прилагательноял-антонимал каламалъулъ х1алт1изари. Прилагательноял жинсазде хиси.
Прилагательноял формабазде хиси.

**Рик1к1ен.** Рик1к1еналъул маг1на ва гьелъие лъолел суалал (чан? чанабилеб? чанабилей? чанабилев? чанабилел?).

Къадаралъул ва иргадул рик1к1енал ва гьезул бит1унхъвай.

**Глагол.** Глаголалъул маг1на, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ т1убалеб хъулухъ. Жинсиял ва жинсиялгурел глаголал (лъай-хъвай гьаби). Жинсиял глаголал предметияб ц1аргун рекъон ккей.

Глаголалъул мурадияб форма. Глаголал заманабазде хиси: бач1унеб, гьанже, араб, г1ахьалаб заман. Цого яги г1агашагаралмаг1наялъул глаголалги г1аксаб маг1наялъул глаголалги (синонимал и антонимал). Цо ва г1емер маг1наялъул глаголал.
Бит1араб ва хъвалсараб маг1наялъул глаголал каламалъулъ х1алт1изари.

**Текст. Бухьараб калам цебет1езаби.** Тексталъул (яги каламалъул) тайпабазул г1аммаб бичIчIи: хабарияб текст, сипатияб текст, пикрияб текст. Ишалъулабги художествиябги калам. Ц1алараб текст бут1абазде биххизе ва гьезда ц1арал лъезе бажари. Киназго цадахъ яги жинцаго г1уц1араб планалда рекъон, хабарияб изложение хъвай. Сюжет гьеч1елги сюжеталъулалги суратаздаса харбал херхине лъай (бицунги хъванги).

Жидер расандабазул, т1абиг1аталда хадуб халкквеялъул, рек1ел-гъеялъул, экскурсиязул, гьудул-гьалмагъзабазул х1акъалъулъ къокъго бицине бажари.

Лъилниги, сундулниги х1акъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабун, ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, къокъабсочинение хъвазе лъай.

Жиндир ишазул х1акъалъулъ гьитIинабго кагъат хъвазе лъай.

**Лъаг1алида жаниб малъараб материал лъазаби.**

**Текст ва предложение.** Раг1ул маг1наял бут1аби. Каламалъул бут1аби.

**Берцинго хъвай.** Берцинго хъвазе, хат1 куцазе цересел классазда щвараб бажари щула гьаби. Хъвазе зах1матал гьит1иналва к1удиял хIарпазул ва гьезул цолъиязул мисалиял группаби:

I) з, к, ж, в, ч, б, д, у, я, к1, къ, кь, кв;

2) Г, П, Т, Р, З, Е, Ю, У, Д, Ф, К, В, К1, Кь, Къ, Кв;

3) Пп, Чч, Рр, Вв, Ее, Зз, Уу, Къкъ, Кькь, К1к1, Кв, ккв, Ол, ое, во, вл, се, ква, х1у, х1о, гьа, гье, гьо, ц1, Щв, Х1а, Гьи,Гьо, Т1а, Ге, Бе, К1а.

Гьит1иналго текстал, предложениял, раг1аби берцинго ва рац1ц1адго хъвазе ругьун гьари.

**Бит1ун хъвазе зах1матал раг1аби:** х1укму, сих1ру, макру, г1азу, маг1у, макьу, сабру, г1акълу, рагьу, квердаххелал,квасквас, габурбухь, риц1игъвет1, риц1имах1у, г1ачимухъ, ц1оросарик1к1, ц1умагъеду, ордек, председатель, приказ,

радио, общество, солдат, республика, автономия, агъазгьеч1, адаб-хъатир, бижарабжо, годекан, гьабугьин, гьабсаг1ат, г1ададакъад, эбел-инсул, костюм, к1ийихъан, к1ик1венкь, к1иабилеб, анц1ила лъабабилеб, анц1ила щуго.

**Курс лъазабун лъуг1ун хадуб кьолел х1асилал.**

**Напсиял х1асилал:**

- школалдехун ва ц1алиялдехун бугеб бербалагьи ц1ик1к1инаби;
- муг1алимасул, цадахъ ц1алулел гьалмагъзабазул ва эбел-инсул рахъалъан щвараб къиматги х1исабалде босун, жинцажиндиего къимат кьезе бажари;

-

инсанасул напсалъул лъик1аб хасиятги обществоялда г1адамазул г1умруялда, гьезул гьоркьоблъиялда бухьараб рахълъалеблъиги бихьизабулел к1вар ва маг1на бугел мурадал цере лъей.

**Метапредметиял х1асилал:**

- рахьдал мац1 гъваридго лъазабиялдалъун сверухъ т1абиг1аталда нахъг1унт1и;
- цо сундулниги анализ гьабизеги, гьеб г1аммлъизабизеги, т1елазде бикьизеги, релълъаралда дандекквезеги, гьелъулъкъвариг1араб жо балагьизеги, гьеб хисизеги бугеб бажари лъугьин;
- информациялъулаб культураялда бухьарал (ай ц1ализе, хъвадаризе, ц1алул т1ехьгун х1алт1изе бугел) бажариялкуцай;
- цо сундулниги план гьабизе, гьелда хадуб хал кквезе, гьелъие къимат кьезе, мух1канго мурад лъезе, гъалат1алрит1изаризе бугеб бажари лъугьин;
- мац1алъул бечелъи бич1ч1и ва щулияб гьоркьоблъи гьабизе гьелдаса пайда босизе бажари;
- хурхен гьабиялъул бат1и-бат1иял масъалаби т1уразариялъе г1оло каламалъул ва мац1алъул алатал х1алт1изаризещвалде щун лъай;

**Предметиял х1асилал:**

Рахьдал мац1алъул курс лъазабулаго, лъабабилеб классалъул ц1алдохъаби ругьунлъула:

- авар мац1алъе хасиятал гьаркьал (х1арпал): х1, гь, кь, къ, m1 ва гь. ц., гьединго геминатал ва лабиалиял гьаркьал рихьизарулел х1арпал къосинч1ого рит1ун рахъизе ва гьел гъорлъ ругел раг1аби, предложениял, гъалат1 биччач1ого,чвахун ц1ализе;

-

- раг1аби, предложениял, 40–50 раг1и бугел текстал, гъалат1ал риччач1ого, бит1ун хъвазе;

- раг1ул фонетикияб разбор гьабизе: раг1аби слогазде риххизе, ударение бугелги гьеч1елги слогал рат1а рахъизе,рагьарал ва рагьукъал х1арпал ратизе, раг1улъ гьезул къадар ч1езабизе;

- раг1ул г1уц1иялъул разбор гьабизе (кьибил, аслу, суффикс, ахир рат1а рахъи);бат1и-
бат1иял каламалъул бут1абазул кьибил цоял раг1аби т1аса рищизе;

- каламалъул бут1аби ва гьезул грамматикиял г1аламатал рихьизаризе;

- предметиял ц1аразул г1емерлъул форма лъугьинабизе;

- предметиял ц1арал падежазде сверизаризе;

- предметияб ц1аралъул жинсалда ва формаялда рекъон прилагательноял жинсазде ва цолъул ва г1емерлъул формаялдехисизе;

- къадаралъул ва иргадул рик1к1енал цоцаздаса рат1а рахъизе ва гьел бит1ун хъвазе;

- глаголал заманабазде хисизе;

- текстазулъ синонимал ва антонимал ралагьизе ва х1алт1изаризе (терминал чара гьеч1ого лъазе кколаро);

- предложениялда жаниб суалаздалъун раг1абазда гьоркьоб бухьен ч1езабизе, раг1абазул дандраял ратизе;

-

- предложениязул синтаксисияб разбор гьабизе (жидеца бицунеб жоялъул мурадалде ва интонациялде балагьун, предложениязул тайпаби рихьизаризе, бет1ерал ва бет1ерал гурел членал рат1а рахъизе, суалазул кумекалдалъунгьезда гьоркьоб бухьен ч1езабизе, г1адатаб т1ибит1араб ва к1иго предложениялдасан г1уц1араб жубараб предложение бихьизабизе);

- предложениялъул интонация ц1унизе;

- текст бут1абазде биххизе, магIна бугеб тексталъул бут1а ц1ияб мухъидаса хъвазе;

- тексталъулъ предложениязда гьоркьоб бухьен ч1езабизе;

- темаялда мугъги ч1ван, тексталъе ц1ар лъезе, тексталъул аслияб пикру загьир гьабизе;

- раг1абазул дандраялъулъ аслиябги нахъбилълъарабги раг1и батизе;

- киназго цадахъ г1уц1араб пландалда рекъон ругьунлъиялъул изложение хъвазе;

тексталъул тайпа бихьизабизе, ай хабариял, сипатиял ва пикриял текстал цоцаздаса рат1а рахъизе;

- цебекунго х1адурлъиги гьабун, т1абиг1аталъухъ халкквеялъул х1акъалъулъ, сюжетияб сураталда т1аса сочинениехъвазе;

- лъилниги, сундулниги х1акъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабун, ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, текстг1уц1изе.

-

**ТЕМАТИКИЯБ ПЛАН**

**3 КЛАСС (34 сагIат, анкьида жаниб 1 сагIат)**

| № | Дарсил тема | Темаялъе баян | Саг1ат | Бихьзабураб къо | | Рокъобе х1алт1и |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | Программияб къо | Х1ужжаялъул къо | |
| 1. | Калам. Текст. Предложение. Раг1и. | Мац1алъул ва каламалъул бут1а х1исабалда текст, предложение ва раг1и. Предмет, предметалъул г1аламатал ва предметалъул ишал рихьизарулел раг1аби. | 1 | | | Х1. 10 гьум. 8 |
| 2. | Гьаркьал ва х1арапал. | Гьаркьал ва х1арпал. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал рат1а рахъулаго, раг1абазул гьаркьилабгин х1арпалъулаб анализ. Х1арпазе характеристика кьей. Е, ё, ю, я рагьарал х1арпал. Авар мац1алда гьезул бугеб к1вар ва хаслъи. | 1 | | | Х1. 22 гьум. 13 |
| 3. | Геминатал ва лабиалиял гьаркьал. | Геминатал ва лабиалиял гьаркьал. Гьел гьаркьал бит1ун цIализе ва гьел рихьизарулел х1арпал бит1ун хъвазе бугеб бажари щула гьаби. | 1 | | | Х1. 28 гьум. 15 |

-

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 4. | Предложениялъул х1акъалъулъ баян. | Предложениялъул хаслъабазда хадуб хал кквей. Къурал раг1абаздаса предложениял г1уц1и. Сураталдасан маг1наялъул рахъалъ цоцазда рухьарал предложениял г1уц1и. | 1 | | | Х1. 32 гьум. 18 |
| 5. | Хабариял, суалиял ва т1алабиял предложениял. | Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде балагьун, предложениялъул тайпаби: хабарияб, суалияб ва т1алабияб. | 1 | | | Х1. 41 гьум. 22 |
| | | | | | | |
| 6. | Ах1ул предложение. | Интонациялде балагьун, ах1ул предложение. | 1 | | | Х1. 46 гьум. 25 |
| 7. | Предложениялъул бет1ерал ва бет1ерал гурел членал. Предложениялъулъ раг1абазул бухьен. | Предложениялъул бет1ерал членал: подлежащее, сказуемое ва бит1араб дополнение. Предложениялъул бет1ерал гурел членал. Предложениялъул грамматикияб аслу. Предложениялъулъ раг1абазда гьоркьоб бугеб бухьен. | 1 | | | Х1. 65 гьум. 35 |

-

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 8. | Раг1абазул дандрай. | Раг1абазул дандрай. Раг1абазул дандраязулъ аслиябги нахъбилълъарабги раг1и. Раг1абазул дандраязулъ раг1абазда гьоркьоб бугеб бухьен. | 1 | | | Х1. 70 гьум. 37 |
| 9. | Раг1ул г1уц1и. Маг1на г1агарал раг1аби. | Раг1ул г1уц1и. Маг1на г1агарал раг1аби. Раг1ул г1аммаб бут1а ва г1аммаб маг1на. | 1 | | | Х1. 74 гьум. 40 |
| 10. | Раг1ул ахи рва аслу. | Раг1ул ахир ва аслу. Ахиразул кумекалдалъун раг1ул форма хиси. | 1 | | | Х1. 89 гьум. 46 |
| 11. | Суффикс. | Суффикс. Суффиксазул кумекалдалъун ц1иял раг1аби лъугьин. | 1 | | | Х1. 94 гьум. 48 |
| 12. | Раг1ул аслуялъулъ гьаркьазул хиси. | Раг1ул аслуялъулъ кколел рагьарал ва рагьукъал гьаркьазул хиса-басиял. | 1 | | | Х1. 104 гьум. 52 |
| 13. | Диктант. | Грамматикиял т1адкъаялгун диктант. | 1 | | | Цебе малъараб такрар гьабизе. |

-

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 14. | Каламалъул бут1аби. | Авар мац1алъул каламалъул бут1аби: предметияб ц1ар, прилагательное, глагол, рик1к1ен, ц1арубак1 ва наречие. Каламалъул бут1аби цоцаздаса рат1арахъи. Каламалъул бут1абазул синтаксисияб роль. | 1 | | | Х1. 118 гьум. 58 |
| 15. | Преедметияб ц1ар. | Предметияб ц1аралъул маг1на, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ т1убалеб хъулухъ. | 1 | | | Х1. 128 гьум. 64 |
| 16. | Г1аммал ц1арал. | Г1аммал предметиял ц1аразе баян кьей. | 1 | | | Х1. 132 гьум. 66 |
| 17. | Хасал ц1арал. | Цо-цо предметиял ц1арал г1аммаллъунги хасаллъунги рук1унеллъи лъазаби. Хасал предметиял ц1аразул бет1ералда к1удияб х1арп хъвазе кколеблъи бич1ч1и кьей. | 1 | | | Х1. 140 гьум. 70 |
| 18. | Предметияб ц1аралъул жинс. | Предметияб ц1аралъул жинс: чиясул, ч1ужуялъул ва гьоркьохъеб. Предметиял ц1аразда рухьарал раг1абазул жинсиял г1аламатаздалъун жинс ч1езабизе ругьунлъи. | 1 | | | Х1. 155 гьум. 75 |

-

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 19. | Ругьунлъиялъул изложение. | Хабарияб текст (г1аммаб бич1ч1и). Хабарияб тексталъул изложение № 154 гьум. 74 хъвай. | 1 | | | Цебе малъараб такрар гьабизе. |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 20. | Предметияб ц1ар формабазде хиси. | Предметияб ц1аралъул цолъул ва г1емерлъул форма. Г1иц1го цолъул формаялда х1алт1изарулел яги г1иц1го г1емерлъул формаялда х1алт1изарулел предметиял ц1арал. | 1 | | | Х1. 165 гьум. 80 |
| 21. | Предметияб ц1ар падежазде свери. | Предметиял ц1арал падежазде (асл.п., акт.п., хас.п., кьов.п. ва жинда п.) свери. Падежазул хаслъабазда хадуб хал кквей. Суалаздалъун раг1абазул дандраялъулъ ва предложениялъулъ предметияб ц1аралъул падеж ч1езаби. | 1 | | | Х1. 180 гьум. 87 |

-

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 22. | Прилагательное. | Прилагательноялъул маг1на, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ т1убалеб хъулухъ. Прилагательноялгун предметиял ц1арал рухьун рук1ин. Цого яги г1ага-шагараб маг1наялъулги г1аксаб маг1наялъулги прилагательноял. Прилагательноял-антонимал каламалъулъ х1алт1изари. | 1 | | | Х1. 195 гьум. 93 |
| 23. | Ругьунлъиялъул сочинение. | Сипатияб текст г1уц1и ва сочинение хъвай. | 1 | | | Цебе малъараб такрар гьабизе. |
| 24. | Прилагательноял жинсазде хиси. | Прилагательноял (ч.ж., ч1.ж.,гь.ж.) жинсазде хиси. Сипатияб текст, гьелъулъ прилагательноялъул бугеб к1вар | 1 | | | Х1. 205 гьум. 98 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 25. | Прилагательноял формабазде хиси. | Прилагательноял формабазде хиси. Тексталъулъ ва предложениялъулъ прилагательноязул цолъул ва г1емерлъул форма бихьизабизе лъай. | 1 | | | Х1. 211 гьум. 101 |

-

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 26. | Рик1к1ен. | Рик1к1еналъул маг1на ва гьелъие лъолел суалал (чан? чанабилеб? чанабилей? чанабилев? чанабилел?). Къадаралъул ва иргадул рик1к1енал ва гьезул бит1унхъвай. | 1 | | | Х1. 220 гьум. 106 |
| 27. | Глагол. | Глаголалъул маг1на, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ т1убалеб хъулухъ. Жинсиял ва жинсиял гурел глаголал (лъайхъвай гьаби). Жинсиял глаголал предметияб ц1аргун рекъон ккей. Глаголалъул мурадияб форма. | 1 | | | Х1. 243 гьум. 115 |
| 28. | Глаголал заманазде хиси. | Глаголал заманабазде хиси: бач1унеб, гьанже, араб, гIахьалаб заман. | 1 | | | Х1. 249 гьум. 118 |
| 29. | Араб заман. | Глаголазул араб заманалъул г1адатияб ва составияб форма. | 1 | | | Х1. 254 гьум. 120 |
| 30. | Бач1унеб заман. | Глаголазул бач1унеб заманалъул г1адатияб ва составияб форма. | 1 | | | Х1. 261 гьум. 123 |

-

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 31. | Г1ахьалаб заман. | Глаголазул г1ахьалаб заманалъул хаслъи ва гьелъие бич1ч1и кьей. | 1 | | | Х1. 266 гьум. 125 |
| 32. | Гьанже заман. | Суалазул кумекалдалъун гьанже заманалъул глаголал рат1а гьаризеги цогидал заманаздаса гьел лъугьинаризеги ругьун гьари. | 1 | | | Х1. 281 гьум. 131 |
| 33. | Лъаг1алида жаниб малъараб материал такрар гьаби. | Текст ва предложение. Раг1ул маг1наял бут1аби. Каламалъул бут1аби. | 1 | | | Х1. 295 гьум. 137 |
| 34. | Контролияб диктант. | Грамматикиял т1адкъаялгун контролияб диктант. | 1 | | | |